# Qawınlarımız Rossiya menen Qazaqstanǵa eksportqa shıǵarılmaqta

Shımbay rayonı ázelden óziniń awıl xojalıǵı ónimleri menen belgili. Miynetkesh diyqanlar erte báhárden jerge kewil bólip tárbiyalaydı hám mol jemisin alıp, eldiń dastúrxanınıń tolı bolıwına ózleriniń múnásip úlesin qosıp kelmekte.

Rayonda iyun ayınan baslap qawınlar pisti. Búgingi kúnde paldan tatlı qawınlar «Mayjap» awıl puqaralar jıyınında jetistirilmekte. Pisib jetiskenler bolsa xalqımızǵa jetkerip berilmekte.

Image not found or type unknown

Búgin mámleketimizde isbilermenlerge keń imkaniyatlar jaratılǵan. Bul imkaniyatlardan óz waqtında aqılǵa uǵras paydalanıw tek ǵana isbilermenge emes al, mámleketimizdiń ekonmikasına da óziniń unamlı tásirin kórsetedi. Berilgen jeńilliklerden únemli paydalanǵan diyqanlarımız jetistirgen qawınların sırt ellerge eksportqa shıǵarıwdı da jolǵa qoydı.

Image not found or type unknown

Shımbay rayonı «Mayjap» awıl puqaralar jıyını aymaǵında otızdan aslam fermerler jumıs alıp barmaqta. Atap aytqanda «Abdi –Esen» klasteri 270 gektar jer maydanınıń 40 getkarına qawın egip báhárden baslap háreket etti. Búgingi kúnde jetistirgen qawınları menen tek ǵana Shımbay bazarın támiyinlep qoymastan Rossiya hám Qazaqstan mámleketlerine de eksport etpekte.